



Olga Hugelmeyer, Ed.D.
Sipèntandan Lekòl yo

Maria Gaeta
Direktè Lekòl la

Francesca Ferrera
Vis Direktè

Out 2025

Chè Paran/Gadyen ak Elèv yo,

Nou menm, tout estaf, nan Lekòl **Madison Monroe School No. 16**, nou onore epi nou kontan anpil pou akeyi tout elèv ak manm fanmi nou yo nan ane lekòl 2025-2026 **k ap kòmanse Jedi 4 Septanm!** Nou pwomès ke chak timoun ap jwenn yon anviwònman ki pral ede yo devlope kapasite kreyativ epi reyalize ekselans. Nou kwè chak elèv ki nan anviwonman ki gen sekirite, ki solid, ak bon akèy kapab aprann nan yon nivo ki pral éde yo ranfòse potansyèl edikasyonèl yo

Tanpri gade etikèt ki anwo a pou ou ka konnen salklas prensipal pitit ou a.

Tanpri pran tan pou vizite sit entènèt distri nou an, ak lyen **Retounen Lekòl** la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> pou plis enfòmasyon sou retounen lekòl la. Nan paj ki pi ba a, w ap jwenn anpil enfòmasyon ki deja sou sit entènèt distri a pou ou kapab gade epi revize kounye a:

PREMYE JOU LEKÒL / PWOSEDİ POU RANTRE AK RANVWAYE LEKÒL

Ane lekòl 2025-2026 la ap kòmanse Jedi 4 Septanm, 2025. Ansèyman ap kòmanse a 8:20 am jiska 3:00 pm. Pou ede fasilite yon tranzisyon ki fèt san pwoblèm epi ki byen òganize pandan lekòl ap rantrè ou byen ap ranvwaye elèv yo, tanpri respekte pwosedi sekirite sa yo:

ARIVE:

Premye jou lekòl la, **Jedi 4 Septanm** se yon jounen konplè pou tout elèv ki nan klas Pre-K-8. Tanpri sonje ke nou pral fonksyone sou yon orè regilye:

- **Timoun pre-matènèl yo** ap antre dirèkteman nan inite TCU yo. Swiv enstriksyon ki sou kat jeyografik ki anba a pou ka we kote li ye.

Madison – Monroe School No. 16



- **Elèv Jadendanfan yo** ap antre nan pòt prensipal la epi yo pral ale dirèkteman nan salklas yo.
- **Elèv 1yé ané yo** ap antre nan Monroe Avenue epi swiv enstriksyon ki sou kat jeyografik la. Elèv 1yé ané yo ap rankontre pwofesè yo nan lakou rekreyasyon sou Monroe Avenue. Si gen mové tan, elèv yo ap alé nan jimnazyòm Aneks la.
- **Elèv 2èm ak 3èm ané yo** ap antre nan North Avenue a epi swiv enstriksyon ki sou kat jeyografik la. Elèv 2èm ak 3èm ané ap rankontre pwofesè yo nan jimnazyòm Aneks la pou premye jou lekòl la.
- **Elèv 4èm ak 5èm ané yo** ap antre nan Monroe Avenue nan Bldg Prensipal la epi swiv enstriksyon ki sou kat jeyografik la.
- **Elèv 6èm , 7èm ak 8èm ané yo** ap antre nan North Avenue nan Bldg Prensipal la epi swiv enstriksyon ki sou kat jeyografik la.

RANVWAYE:

- **Pre-matènèl Elèv yo** ap soti TCU yo a 2:55 pm.
- **Elèv jadendanfan yo** ap kite salklas yo a 2:55 pm.
- **Elèv 1yé ané yo** ap sòti a 3:00 pm sou bò bilding nan Monroe Avenue.
- **Elèv 2 ané ak 3-B10 and 3-110** ap sòti a 3:00 p.m nan antre prensipal North Avenue.
- **Sal 3-107** ap soti bò Jaden Sikilè sou North Avenue a 3:00 p.m.
- **Elèv 4èm ak 5èm ané yo** ap soti nan bilding prensipal North Avenue a 2:55 p.m.
- **Elèv 6èm ak 7èm ané yo** ap soti sou bò Monroe Avenue nan bilding prensipal la a 3:00 p.m.
- **Elèv 8èm ané yo** ap soti sou bò bilding Madison Avenue nan a 3:00 p.m.

REMAK: Paran tanpri tann pitit ou sou twotwa a. Nou pa ka kanpe devan pòt lekòl la oswa sou mach eskalye lekòl la. Tanpri konsidere pake nan pakin ki sou Monroe Street la. Tanpri pa bloke pòt yo.


Y ap rele ELÈV KI PRAN BIS YO A 2:50 pm pou yo monte bis yo.

Li enperatif pou yo vin chèche elèv yo nan fen jounen an a 3:00 p.m.


- Si sa nesèsè, tanpri fè aranjman davans pou konnen ki moun ki pral vin pran pitit ou a lè lekòl lage. Tanpri endike ki kote pitit ou a ta dwe rankontre moun nan pou yo ka vin chèche l. Si pitit ou ap mache lakay yo, fò ou ranpli on fòm pou sa. (Fò ou ranpli fòm lan pou tout moun k ap mache yo).
- Ansèyman ak enstriksyon yo ap dewoule jiska 2:55 pm chak jou pou elèv ki pa pral monte nan bis.

Madison – Monroe School No. 16

- Si w oblije vin chèche pitit ou a bonè, ou dwe siyen pou l soti nan youn nan Biwo Prensipal yo epi montre yon pyès idantifikasyon ki valab. Sonje byen, si yo lage l bonè, sa vle di pitit ou a ap rate kèk nan aktivite aprantisaj li yo. Tout elèv, paran, ak vizitè yo dwe antre nan bilding lan pa zòn sekirite antre prensipal chak bilding. **Paran ak vizitè yo oblije siyen epi montre yon pyès idantifikasyon ki apwopriye. Yo p ap onore on revokasyon bonè si w vin chèché elèv aprè 2:30 p.m.**
- Yon timoun ki pi gran ki responsab pou vin chèche yon timoun ki pi piti dwe tann yo kote li pral sòti a oubyen yo ka chwazi yon kote pou yo rankontre ansanm deyò bilding lan.
- Tanpri pake machin ou byen epi respekte tout lwa trafik yo jan yo espesifye; nou pa vle ou pran yon tikè oswa pou ou nan mitan okenn kalite danje. Toujou genyen anpil machin ak kamyon nan North Avenue. Sèvi ak pakin nan si sa nesesè. Tanpri pa pake an doub.



Madison – Monroe School No. 16



KALANDRIYE LEKÒL EPS

Nou mande pou ou gide epi sipòte edikasyon pitit ou nan fason w ap asire ke li ale lekòl chak jou, li rive alè, epi li pare pou eksperyans aprantisaj jounen an.

Pou revize Kalandriye Lekòl EPS la pou ane lekòl 2025-2026 la, tanpri vizite lyen sa:

Pre-K:

[School Calendar Wrap Around Program for 2025-2026.pdf](#)

K-8:

[School Calendar for 2025-2026 School Year.pdf](#)

Madison – Monroe School No. 16



ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU PARAN

PowerSchool se yon sistèm jesyon elektwonik Lekòl Piblik Elizabeth itilize pou kolekte, estoke, epi kenbe enfòmasyon ak dosye enpòtan elèv yo. Aplikasyon sa bay paran aksè nan enfòmasyon ki gen rapò ak orè elèv la, prezans elèv la, nòt elèv la, ak pwogrè akademik. Li ofri tou fason pratik pou paran ak pwofesè kominike. Se poutèt sa, tout moun rete konekte. Orè pou ane lekòl 2025-2026 ap disponib pou ou wè sou PowerSchool **Lendi 18, Out**.

ANSYEN AK NOUVO PARAN EPS

Paran nouvo elèv yo dwe mande yon nouvo kont pou yo kapab antre tout enfòmasyon ki nesèsè pou navige Pòtal Paran PowerSchool la. Ansyen paran yo, ap bezwen konekte, antre, epi ajou nenpòt chanjman pou pitit yo.

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige Pòtal Paran PowerSchool la, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](https://powerschool.com).

Si ou gen difikilte teknik pandan w ap cheche jwenn aksè enfòmasyon nan PowerSchool pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou oswa vizite sit entènèt EPS la nan [Student Support Services / Student Registration \(PreK-12\) \(epsnj.org\)](https://epsnj.org). Lè w rive nan paj la, tanpri klike sou tab **“PowerSchool Parent Portal Help”**. Tanpri desann epi klike sou lekòl pitit ou a ye kounye a. Apre sa, y ap dirije w pou w ranpli yon fòm kontak sou entènèt. Apre w fin klike sou bouton **Save** ak **Done** ki anba a, yo pral soumèt demann ou epi yon moun nan lekòl la ap kontakte w byen vit.

ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU ELÈV

K-8:

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige nan Pòtal Elèv PowerSchool la, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](https://powerschool.com).

RÈGLEMEN POU INIFÒM

Madison – Monroe School No. 16



Objektif kòd abiman EPS la se pou pwomouvwa yon imaj pozitif ak pou amelyore fyète lekòl pami elèv nou yo. Sante, sekirite, ak byennèt nan ledikasyon se objektif prensipal kòd abiman ansanm ak ankouraje yon anviwònman ki fasilite disiplin ansanm ak ledikasyon. Elèv yo dwe mete inifòm lekòl la chak jou.

W ap jwenn règleman sou inifòm lekòl pitit ou sou sit entènèt <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade seksyon **“Uniform and Dress Code Policies”** epi swiv enstriksyon yo bay la.

Paran, n ap mande koperasyon ak sipò ou konsènan respè pitit ou dwe genyen pou règleman inifòm nan. Elèv ki pa respekte règleman inifòm lekòl la p ap gen dwa antre nan bilding lekòl lan **Jedi 4 Septanm** oubyen nenpòt jou lekòl apre sa. Tanpri pa ezite kontakte biwo Direktè lekòl la si ou ta gen nenpòt kesyon konsènan règleman inifòm nan.

APAREY ELEKTRONIK

Pre-K:

Enplemantasyon iPads nan klas matènèl bay yon opòtinite pou elèv pi piti nou yo devlope jan yo aprann ak teknik atravè eksperyans ki apwopriye pou devlopman yo. Pandan iPad ka sèvi kòm yon zouti pou ede ranfòse ladrès nan domèn lekti, ekriti ak matematik, li kapab tou bay elèv lekòl matènèl opòtinite pou envestige, eksplòre, ak kreye nan anviwònman timoun piti.

Aplikasyon iPad entegre san pwoblèm nan kourikoulòm lekòl matènèl nan lè aktivite anndan klas la. iPad amelyore edikasyon elèv yo pandan li bay yo opòtinite pou rakonte ak kreye pwòp istwa yo, envestige ak eksplòre nouvo kote enteresan ak divès kilti, kaptire aprantisaj yo atravè pòtfolyo elèv yo kreye, epi ranfòse konpetans atravè liv ak aplikasyon pou aprantisaj.

K-8:

Pou kèk ane, lekòl nou an te fonksyone kòm yon lekòl teknoloji 1:1; Kòm rezilta, tout elèv yo pral kontinye itilize yon òdinatè pòtab pou ansèyman chak jou nan klas yo. Elèv yo ta dwe fè tout efò posib pou pran swen òdinatè pòtab yo pandan ane lekòl la, paske sa se yon privilèj espesyal. Enplemantasyon teknoloji 1:1 nou an ap kontinye asire elèv nou yo rive nan nivo konpetitif ki nesesè pou ankouraje preparasyon pou kolèj ak karyè. Tout elèv dwe vini lekòl chak jou, ak òdinatè pòtab ki chaje, ansanm avèk kòd ki pou chaje òdinatè pòtab la.

Madison – Monroe School No. 16



NOUVO ELÈV

Tout nouvo elèv nan distri a ap resevwa laptop nan premye semèn lekòl la.

Tanpri sonje:

- Maké non timoun nan ak yon plim oswa yon makè sou Sak liv, dosye, klasè, bwat kreyon, chanday, eksepera.
- Pou operasyon Lekòl Madison-Monroe No 16 ka maché san pwoblem tanpri al gade règleman ak direktiv ki disponib sou sitwèb EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374>.
- Tanpri tcheke ajanda, sak lekòl ak dosye pitit ou a chak jou pou devwa ak komunikasyon enpòtan.
- **YO PA PÈMI ITILIZE telefòn selilè, iPod, AirPods, elatriye nan lekòl la pandan lè enstriksyon an.**
- Nou konprann ke anpil elèv gen telefòn selilè pou ijans, **yo dwe etenn telefòn selilè yo epi mete yo nan sakado yo.** Si yon elèv gen yon telefòn selilè nan posèsyon li (ki pa nan sakado li) y ap konfiske l. Apre sa, y ap avèti paran yo pou yo pran telefòn selilè a nan biwo Direktè a. Tout elèv 6-7-8yèm ane yo ap kite sak lekòl yo ak telefòn selilè yo nan zòn ki deziyen pou yo aoswa nan kazyè yo pandan yo lekòl.
- Yo ka fouye Kazyè elèv nan 7yèm ak 8yèm ane paske Distri a genyen yon Règleman ki mande sa.

RETE KONEKTE

Resevwa Rapèl/Mizajou Lekòl la pa Mesaj Tèks!

Enskri pou resevwa mesaj ki soti nan lekòl pitit ou ak nan Lekòl Piblik Elizabeth

Madison – Monroe School No. 16



ENSTRIKSYON POU NOUVO AK ANSYEN PARAN

Li trèzenpòtan pou nou gen adrès kay ak/oswa nimewo telefòn ki pi ajou pou nou ka kontakte ou nan ka yon ijans oswa pou diskite pwogrè pitit ou. Tanpri, asire ou mete ajou enfòmasyon, kontak ou lè ou konekte sou Portal Paran PowerSchool la; epi ranpli fòm Enfòmasyon Ijans ki anba lyen Fòm yo pandan tout ane lekòl la si ta gen yon chanjman nan adrès lakay ou /oswa nimewo telefòn ou. Nou espere komunikasyon ouvè ant kay la ak lekòl la paske sa enpòtan pou siksè akademik elev yo nan lekòl la.

Sistèm Notifikasyon nou an pèmèt manm pèsònèl la kontakte paran yo pa imèl, tèks, ak mesaj vèbal ki anrejistre nan telefòn. Atravè sistèm sa a, paran yo resevwa enfòmasyon ijan imedyatman sou gwo evènman, oswa dat k ap vini yo. Pou asire sistèm sa a ap kontinye fonksyone nan yon fason trè efikas, li trè enpòtan pou nou gen **enfòmasyon ki ajou nan dosye pou chak elèv.**

Pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou kenbe enfòmasyon kontak ou yo ajou, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade seksyon ***"Rete Konekte" a "Stay Connected"*** epi swiv enstriksyon yo bay sou kijan pou mete enfòmasyon ou yo ajou sou PowerSchool.

Anplis de sa, tanpri konsidere ofri sèvis ou kòm volontè pou sipòte Òganizasyon Paron/Pwofesè (PTO) nan lekòl pitit ou a. PTO bay anpil opòtinite pou fanmi ki nan kominote lekòl la patisipe epi *rete konekte*. Tanpri asire ou enskri paske ou pral gen yon konpreyansyon de tout resous ki disponib pou pitit ou a isit la nan Lekòl Piblik Elizabeth yo.

NIMEWO ENPÒTAN:

- Biwo Prensipal (Bilding Prensipal) 908-436-5770
- Biwo Prensipal (Bilding Aneks) 908-436-4048
- Direktè (Bilding PRENSIPAL): 908-436-5755
- Vis-Direktè (Bilding ANEKS): 908-436-4050
- Sekretè nan Biwo ANEKS la: 908-436-4048
- Sekretè Prensipal nan Biwo Prensipal la: 908-436-5757
- Sekretè nan Biwo Prensipal la: 908-436-5773
- Enfimyè nan Bilding ANEKS la: 908-436-4049
- Enfimyè nan bilding prensipal la: 908-436-5760
- Konseye oryantasyon nan bilding prensipal la: 908-436-5771
- Travayè sosyal nan bilding prensipal la: 908-436-5775

Madison – Monroe School No. 16



- Chèf Kizinye nan Bilding Prensipal la: 908-436-5765

ENFÒMASYON DISTRI A POU LEKÒL LA

Tanpri, asire ou revize epi ranpli anvan premye jou lekòl tout dokiman obligatwa ki nan lis anba a. Anplis, mete ajou tout enfòmasyon pèsonèl ou regilyèman.

- Fòm Enfòmasyon Ijans
- Avi Konsènan egzamen fizikal
- Fòm pou Medya
- Fòm Pèmisyon Entènèt ak Rezo Elèv yo ak Règleman Itilizasyon Entènèt
- Itilizasyon Akseptab Pou Teknoloji – Fòm Elektwonik pou Aparèy Mobil
- Fon Koneksyon pou Ijans (ECF)
- Aplikasyon pou Manje nan Lekol

Pou jwenn aksè a dokiman ki nesèsè yo ki endike anwo a, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade seksyon "**Fòm ak Aplikasyon pou Pitit Ou a**" epi swiv enstriksyon yo.

RÈGLEMAN SOU VAKSEN

Pre-K:

Tanpri, nou vle ou konnen Depatman Sèvis Sante Eta New Jersey chanje plizyè egzijans sou vaksinasyon. Tout timoun ki ale nan sant gadri ak lekòl matènèl ki gen lisans oblije pran vaksen kont grip chak ane.

Tanpri, li nesèsè pou ou bay prèv ke pitit ou resevwa vaksen. Ou dwe bay prèv vaksen yo **avan 23 Desanm 2025**. Si lekòl la pa gen prev vaksen a, n ap ranvwaye elèv ki pa gen dokiman nesèsè apati **5 Janvye 2026**.

K-8:

Madison – Monroe School No. 16

Leta New Jersey rekòmande pou tout timoun ki fèt apre 1ye Janvyè 1997, ki nan klas 6, **ap oblije resevwa boustè dòz “diphtheria(Difteri), tetanus (tetanòs) ak pertussis (koklich) (Tdap)” ansanm ak dòz “meningococcal (menegokoksik) vaccine.”** Pote bay enfimyè lekòl la tout dokiman, vaksinasyon ki pwouve pitit ou ka antre nan klas 6, nan dat ***Jedi, 4 Septanm, 2025.***

Elèv k ap antre nan Klas 6zyèm ane, ki fèt nan dat oubyen apre ***Jedi 4 Septanm, 2025*** dwe pote lèt ekri ki soti nan men doktè, pou pwouve elèv la gen randevou pou al pran vaksen yo. Randevou a dwe ekri 2 semèn anvan pitit ou genyen 11 zan. Paran dwe soumèt dokiman vaksinasyon an rapidman apre randevou a. Lalwa oblije Distri Lekòl Piblik Elizabeth pou asire ke tout elèv yo resevwa vaksen obligatwa yo.

Timoun ki pa satisfè egzijans vaksen oswa ki pa gen dokiman pou von randevou vaksen nan 2 semèn apre yo fin gen 11 zan pap kapab rete lekòl la. Lekòl la ap voye yo tounen lakay yo kòmanse premye jou lekòl la.

TRANSPÒTASYON

Men elèv ki kalifye pou jwenn transpòtasyon:

- Elèv elemantè ki abite plis pase 2.0 mil de lekòl yo
- Elèv lekòl segondè ki abite plis pase 2.5 mil de lekòl yo
- Elèv ki gen IEP ki gen sèvis transpò

PWÒGRAM DEJENE

Pou aplikasyon pou manje, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade seksyon ***"Fòm ak Aplikasyon pou Pitit Ou a"*** epi swiv enstriksyon yo bay la. Li enpòtan pou ou ranpli fòm sa yo.

- Ou dwe peye bòdwo manje yo alè.

Madison – Monroe School No. 16



- Yo pral sèvi dejene chak jou pou elèv ki nan klas jadendanfan jiska 8yèm ane a 7:50 am pou 8:15 am nan kafeterya nan bilding prensipal la ak nan bilding aneks la. A 8:20 am, elèv ki nan klas jadendanfan jiska 8yèm ane yo pral prezante yo nan salklas yo.
- Elèv yo ka pote manje ki soti lakay yo nan lekòl la, Madison Monroe School No. 16 Nou **dekouraje moun lot manje nan anviwònman lekòl la** paske nou se yon Healthy Alliance School. Nou paka antre a manje ki gen *nwa oubyen pistach*.
- Yo selebre anivèsè nesans chak mwa nan yon vandredi espesyal, jan sa endike nan kalandriye masyèl lekòl la.

FOUNITI LEKÒL

Tanpri bay pitit ou founiti lekòl ki nan lis la pou yo ka kòmansman ane lekòl la. Tanpri gade lis founiti ki vin ansanm a papye sa . Yo te voye yon rapèl plizyè fwa pandan mwa ete tcheke mezaj yo pou enfòmasyon sa.

SWARE RETOU LEKÒL

Nou pa ka tann pou nou rankontre paran/gadyen legal yo nan Sware Retounen Lekòl nou an, Madi 30 Septanm 2025, a 5:30 pm nan Madison – Monroe School No. 16 – 1091 North Avenue, Elizabeth, New Jersey, 07201.

Nou espere nou tout pral kontinye jwi rèss Ete a. Ann kontinye ak misyon nou pataje ansanm pou nou reyafime ekite, retabli atant, epi reprann ekselans! Nou espere kòmanse yon lòt vwayaj ansanm **Jedi 4 Septanm**.

Sensèman,

Ms. Gaeta, Direktè

Madison – Monroe School No. 16

1091 North Avenue, Elizabeth, New Jersey 07201 • Ph: 908.436.5770 • Fax: 908.436.5756
Email: gaetama@epsnj.org • Website: www.epsnj.org